

## **BAB 1**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Di Jawa Barat aya kénéh masarakat anu ngalaksanakeun tradisi karuhun, salasihijina nya éta Kampung Sinar Resmi nu aya di wewengkon Sukabumi. Tradisi nu dilaksanakeunana nya éta tradisi ngaseuk.

Tradisi Ngaseuk mangrupa tradisi agraris Sunda geus dilakukeun turun-tumurun ti karuhun Kasepuhan Sinar Resmi. Ieu tradisi nya éta melak paré huma dina taneuh pangapungan (di luhur pasir) nu dilakukeun unggal taun. Nurutkeun Amir Bukhori anu kalungguhanana salaku sesepuh Kampung Adat Sinar Resmi, ieu tradisi téh miboga simbol yén kahirupan masarakat adat Sinar Resmi leuwih percaya kana ayana Nyi Pohaci Sanghyang Asri.

Anggapan di luhur nuduhkeun yén tradisi mangrupa salasihiji kabiasaan masarakat anu ngawujud adat-istiadat sarta kudu dipigawé sacara turun-tumurun. Tradisi mangrupa wujud hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna, ogé Pangéranna. Éta hubungan téh mibanda tujuan ngahontal kasalametan pikeun kasampurnaan hirup, ngaliwatan kasadaran dirina sorangan, sabudeureunana, alam jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna. Éta konsép bisa dipangaruhan ku paktor kapercayaan, sosial budaya, alam, anu miboga ma'na sarta miboga pungsi anu pakuat pakitna jeung kahirupan masarakat sarta alam. Tradisi ieu miboga tujuan mertahankeun kahirupan masarakat, alam sarta lingkunganna. Konsép kasaluyuan hirup jeung alam kasepuhan Sinar Resmi ieu nya éta konsép anu didasaran ku prosés pangalaman interaksi jeung lingkungan alam.

Kampung adat Sinar Resmi ngolah sistem tatanén kana ngaseuk anu nyoko kana ritual salaku ungkapan rasa hormat ka sanghyang Asri Nyi Pohaci. Tradisi ieu téh teu ngan saukur midangkeun kagiatan spiritual nu ngawengku patalina manusa jeung Pangéranna, tapi ogé antara manusa jeung mahluk séjénna, manusa jeung lingkungan tur alamna, boh ngaliwatan kagiatan kasenian, boh atikan, sosial, boh budayana.

Nurutkeun Ranjabar (dina Fitriyasih, 2012, kc. 2) unggal bangsa dina lingkungan nu tangtu miboga kabudayaan sorangan jeung simbol-simbol kabudayaan nu ngan bisa kaharti ku jalma dina dunya jeung lingkungan sorangan. Dina seuh-seuhanana, kabudayaan téh mangrupa réson manusa kana lingkungan jeung pasualan hirup nu disanghareupan. Ku kituna, tradisi nu aya di Kampung Adat Sinar Resmi ieu kudu diwanohkeun ka masarakat salaku wujud tina budaya.

Nurutkeun Herliana (dina Fitriyasih, 2012, kc. 3) antara atikan jeung kabudayaan téh mangrupa hiji hal nu teu bisa dipisahkeun sarta mangrupa hiji gunggungan pikeun kahirupan manusa. Atikan mangrupa kagiatan nu bisa ngaronjatkeun poténsi manusa sangkan mampuh ngalaksanakeun pancénna, sabab ngan manusa nu bisa dididik jeung ngadidik. Kabudayaan tangtu loba pisan, sabab ngawengku kabiasaan masarakat nu nyekel éta budaya. Kitu deui bangsa Indonésia anu miboga rupa-rupa sélér bangsa, salasihijina nya éta Sunda.

Kiwari individu atawa komunitas miboga wewenang pikeun ngamekarkeun kabudayaan nu saluyu jeung poténsi daérahna. Éta poténsi téh misalna kaéndahan alam, kabeungharan budaya, ajén-inajén kahirupan masarakat, jeung poténsi basana. Nonoman nu nyuprih pangarti jeung ngalap élmu pangaweruh kudu wanoh kana kaayaan daérahna sorangan. Salian ti éta, dipiharep sangkan sikep jeung paripolahna teu pasalia jeung ajén-inajén nu diagem ku masarakatna. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep generasi ayeuna, hususna rumaja, bisa leuwih wanoh, jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhunna.

Salasihiji tarékah pikeun ngawanohkeun tradisi karuhun nu aya di Kampung Adat Sinar Resmi, nya éta ngaseuk. Pikeun ngahontal éta tujuan, di antarana diwanohkeunana ngaliwatan pembelajaran di sakola. Pembelajaran di sakola ieu nya éta ngawanohkeun ajén-ajén nu nyangkaruk dina struktur radisi ngaseuk di antarana nilai-nilai sosial (kamasarakatan), sarta interaksi masarakat kana lingkunganna. Dumasar kana Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Basa Sunda taun 2013 di SMA kelas XII diajarkeun perkara maca artikel. Maca nya éta salasihiji aspék dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis. Peran guru jeung siswa dina prosés pembelajaran kacida pentingna. Guru salaku obyék dina prosés pembelajaran miboga fungsi strategis

pikeun ngirut siswa sangkan kataji pikeun mikareueus, ngariksa, ngamumulé kabudayaan, nu tujuanana sangkan mibanda sikep nu positip. Lian ti éta, salasahiji tarékah anu dilakukeun ku pamaréntah Jawa Barat dina raraga ngajaga, ngariksa tur ngamumulé tradisi jeung budaya Sunda téh diatur dina Perda No.7 Taun 2003, ngeunaan warisan budaya, sajarah, ajén tradisional sarta musieum (<http://harjokosangganagara.blogspot.com/2011/03/pelestarian-budaya-daerah-melalui.http>).

Panalungtikan ngeunaan tradisi-tradisi anu aya di Jawa Barat saméméhna geus aya nu nalungtik, saperti dina skripsi “Tradisi Gusaran di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA” (Siti Fitriyah, 2012). Lian ti éta, Nuning Restiani Winarti (2010), nalungtik ngeunaan “Simbol-Simbol nu Nyampak dina Upacara Adat Sérén Taun di Désa Sirnaresmi Kecamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi”. Aya ogé “Fungsi Simbol dina Upacara Labuh Saji Nelayan Kacamatan Palabuhan Ratu Kabupatén Sukabumi” (Andika Nugraha, 2009), jeung dina disertasi “Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di Kacamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter” (Retty Isnendes, 2013).

Panalungtikan ngeunaan tradisi ngaseuk can kungsi aya nu ngaguar. Panalungtikan ngeunaan tradisi ngaseuk téh dianggap penting pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII, anu tujuanana sangkan siswa bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi anu aya di tatar Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kecamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi pikeun Pangajaran Maca Artikel di SMA (Tilikan Struktural)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang, masalah dina ieu panalungtikan téh ngeunaan tradisi ngaseuk. Sangkan pedaran teu méngpar jeung teu lega teuing ambahanana, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan nya éta leuwih museur kana tradisi ngaseuk, struktur dina tradisi ngaseuk, sarta larapna hasil panalungtikan tradisi ngaseuk pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Ngarumuskeun masalah dina panalungtikan mangrupa hiji hal nu penting. Ku kituna, éta rumusan masalah bakal jadi pituduh pikeun ngumpulkeun data. Dumasar kasang tukang jeung watesan masalah nu aya di luhur, di handap ieu aya sababaraha rumusan masalah nu dipidangkeun dina wangun patalékan.

- 1) Kumaha tradisi ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi?
- 2) Kumaha struktur dina tradisi ngaseuk?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngainformasikeun ka masarakat ngeunaan Tradisi Ngaseuk anu aya di Kampung Adat Sinar Resmi, Désa Sirnaresmi, Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi, sarta wujud tina tarékah ngamumulé salasahiji budaya anu sumebar di tatar Sunda.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Luyu jeung rumusan masalah anu geus ditepikeun, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngawanohkeun budaya, ngabeungharkeun budaya sarta bisa ngarojong kana kamangpaatan tradisi masarakat Sunda dina raraga ngabina ajén kamekaran budaya.

Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngadéskripsikeun:

- 1) tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi;
- 2) struktur dina tradisi ngaseuk;
- 3) larapan hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca artikel di SMA.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalegaan élmu pangaweruh ngeunaan tradisi nu aya di masarakat Sunda hususna di daérah Jawa Barat, boh pikeun panalungtik, boh guru jeung siswa.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana pikeun:

- 1) Panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh kana tradisi lokal anu aya di masarakat Sunda, salasihijina ngeunaan tradisi ngaseuk sangkan bisa ancrub langsung dina usaha ngariksa budaya Sunda.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda hususna di SMA kelas XII.
- 3) Pikeun siswa, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi anu aya di masarakat Sunda. Dipiharep tina ieu panalungtikan bisa méré motivasi ka siswa pikeun ngarojong usaha ngariksa budaya Sunda.

## 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika nyusun skripsi eusina ngeunaan rincian unggal bab jeung bagian bab, ti mimiti bab hiji nepi ka bab ahir. Sangkan leuwih jéntré dihandap kaunggel rarancang garapanana.

Bab I mangrupa bubuka, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun téori-téori ngeunaan tradisi, struktur, jeung bahan ajar maca artikel.

Bab III mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun metodologi panalungtikan, anu dijerona ngawengku: sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV mangrupa bagian skripsi anu ngadéskripsi jeung analisis hasil panalungtikan, anu di jerona ngawengku: déskripsi tradisi ngaseuk di kampung adat Sinar Resmi, struktur dina tradisi ngaseuk, sarta larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi ngaseuk pikeun pangajaran maca artikel di SMA.

BAB V mangrupa panutup, anu ngadéskripsikeun kacindekan jeung saran